# AMELYORASYON PWOSESIS EGZAMEN PWOJÈ DEVLOPMAN YO MODÈNIZASYON ATIK 80 AN

31 Me 2025 | 5 Jen 2025

Planning Department

CITY of BOSTON

# BOUTON KONTWÒL ZOOM POU KOUTE ENTÈPRÈT YO

**(EN)** Look for the interpretation icon (globe) at the bottom of your screen and select the language you want to hear.

**(Kreyòl Ayisyen)** Chèche ikòn entèpretasyon ki gen fòm (glòb) anba ekran ou an epi seleksyone lang ou vle tande a.

**(Español)** Busque el ícono de la interpretación (globo) en el borde inferior de su pantalla y seleccione el idioma en el que desea escuchar.

**(Tiếng Việt)** Tìm biểu tượng phiên dịch (hình quả địa cầu) ở phía cuối màn hình của bạn và chọn ngôn ngữ bạn muốn nghe.

**(简体中文)** 查找屏幕底部的翻译图标（地球仪），然后选择您想听到的语言。

**(繁體中文)** 查找屏幕底部的翻譯圖標（地球儀），然後選擇您想听到的語言。



# AKSÈ AK DOKIMAN REYINYON KI TRADUI YO

**(EN)** The project presentation has been translated and is available on the Planning Department website

**(Kreyòl Ayisyen)** Prezantasyon pwojè a te tradui epi li disponib sou sitwèb Depatman Planifikasyon

**(Español)** La presentación del proyecto se tradujo al español y está disponible en el sitio web el departamento de Planificación

**(Tiếng Việt)** Bài trình bày dự án đã được dịch sang tiếng Tây Ban Nha và có sẵn trên trang web của Cơ quan Kế hoạch và Phát triển Boston

**(简体中文)** 该项目演示文稿已翻译成西班牙语, 可在波士顿规划和发展局 网站上查看

**(繁體中文)** 此專案簡報已翻譯成西班牙語, 可在波士頓規劃和發展局網站上查看



# KONSÈY POU ITILIZASYON ZOOM AK ENFÒMASYON SOU REYINYON YO

**N ap anrejistre reyinyon sa a** epi n ap pibliye li sou paj entènèt pwojè Depatman Planifikasyon an. Si ou pa vle yo anrejistre w pandan reyinyon an, tanpri etenn mikwo ak kamera ou.

**Bouton kontwòl Zoom yo disponib nan pati anba ekran ou a.** Lè w klike sou senbòl sa yo, ou aktive diferan fonksyon.

**Sèvi ak fonksyon *leve men* an** (peze *9 si w ap patisipe nan telefòn) **epi tann yo rele w pou w aktive mikwo ou** (peze *6 si w ap patisipe nan telefòn) avan ou poze kesyon oswa bay kòmantè.



# TANPRI MANDE EKSPLIKASYON

**Poze kesyon pandan konvèsasyon an ap fèt**

Ekip nou an disponib pou reponn pandan prezantasyon an

**Mande pou nou eksplike nenpòt tèm oswa konsèp nou te pale sou yo**

Nou vle asire sa n ap diskite a aksesib pou tout moun, pou yo tout ka pataje opinyon yo avèk konesans

# ENTWODIKS YON

*Si ou pa ka fè sondaj la fonksyone, ou lib pou w ajoute repons ou yo nan konvèsasyon an*

# Ede Nou konprann Kiyès ki Rejwenn Nou Jodi a

1. Nan ki nivo ou abitye ak pwosesis Atik 80 aktyèl la?
    a. Abitye Anpil ak Li
    b. Abitye ak Li
    c. Plizoumwen Abitye ak Li
    d. Pa Ditou Familye ak Li
2. Èske ou te deja angaje nan pwojè Modènizasyon Atik 80 anvan jodi a?
    a. Wi
    b. Non
    c. Pa Sèten
3. Nan ki katye w ap viv?
    a. Ekri nan
4. Ak ki gwoup ou idantifye tèt ou?
    a. Rezidan Boston
    b. Elèv nan Boston
    c. Manm Yon Asosyasyon Sivil oswa Katye
    d. Manm yon Gwoup Òganizasyon Kominotè/Defans
    e. Devlopman Manm Ekip
    f. Lòt

# APÈSI REYINYON AN

**Pwogramasyon Reyinyon an:**

- 11:05- 11:35 am - Prezantasyon
- 11:36- 1:00 pm - Kesyon ak Repons

**Prezantatè yo:**

- **Kristiana Lachiusa**
  *Direktè Adjwen Angajman Kominotè*
  *Depatman Planifikasyon*
- **Kevin Crossley**
  *Manadjè Pwojè*

# KÒD KONDWIT POU REYINYON AN

**Kòd Konduit**

### *Respekte youn Lòt*

*Nou atann tout patisipan yo pou yo respekte youn lòt ak diferans opinyon yo genyen.*

### Akeyi Diferans nan Lopinyon

*Nou akeyi diferans nan opinyon, ata opinyon ki diferan ak Depatman Planifikasyon an.*

### Remak Konstriktif

*Kòmantè ak opinyon ki konstwiktif dwe konsantre sou sijè yo, pa sou moun yo.*

### Pèmèt Tout Moun Diferan

*Pou bay lòt patisipan yo chans poze kesyon oswa fè kòmantè pa yo, tan pou pale ap limite ak 2 minit.*

# AJANNDA

*Prezantasyon*

Kontèks

Apèsi sou Premye Aksyon yo

Amanndman Zonaj ki Pwopoze yo

*Pwochen Etap*

*Kesyon ak Repons*





# APÈSI SOU PREMYE AKSYON YO

# AMELYORASYON PWOSESIS REVIZYON DEVLOPMAN NOU AN

**Modènizasyon Atik 80** se yon efò Depatman Planifikasyon an ap mennen pou revize, analize, epi rekòmande amelyorasyon nan kòd teknik la, operasyon yo, ak pratik angajman kominotè ki gen rapò ak pwosesis revizyon devlopman nou an.



**Kisa nou ap chèche reyalize?**

Yon pwosesis revizyon devlopman ki previzib, alè, epi transparan, ki ka amelyore epi modènize fason nou fè Boston grandi.

# MODÈNIZASYON ATIK 80 AN: POUKISA SA E POUKISA KOUNYE A?

*Pwosesis revizyon devlopman jodi a long, opak, epi difisil pou prevwa. Lè sa konbine ak yon kòd zòn ki demode,* ***sa rann li pi difisil pou vil nou an grandi.***

Tan revizyon pwojè yo **long epi enprevizib**

Egzijans pou mezi rediksyon ak benefis kominotè yo **pa konsistan**

Metòd angajman kominotè yo **pa aksesib** pou anpil moun nan Boston

**Priyorite politik ki konpetitif** fè li pi difisil pou avanse bon pwojè yo

# REZIME PWOJÈ

**Prentan 2023** | **Otòn 2024** | **Prentan 2025**

**Kòmans man pwojè a**

***Faz 1 Angajman:*** *Koute ak Rechèch*




Reyinyon piblik sou emèjans lide
*28 Fevriye 2024*

***Faz 2 Angajman:*** Elabore Rekòmandasyon




Atelye piblik sou rekòmandasyon preliminè yo.
*Me - Jen 2024*

***Piblikasyon Pwojè Plan Aksyon an***




***Peryòd kòmantè 90 jou***

Apre peryòd kòmantè 90 jou nou an, nou te revize tout remak yo ak anpil swen epi prepare pwochen etap yo.

**Piblikasyon Mizajou Plan Aksyon, Premye Aksyon yo, ak Pwojè Amannman Zonaj la**

# MATERYÈL KI LIBERE RESAMAN

1

Mizajou Plan Aksyon an

## Plan Aksyon Ajou

*Dokiman Plan Aksyon Ajou a, ki gen ladan yon vèsyon ak chanjman ki make pou montre kijan yo te entegre remak patisipasyon kominotè yo.*

2

PWOJÈ AMANNMAN ZONAJ LA

## Pwojè Amannman Zonaj la

*Pwojè amannman zòn sa yo netwaye langaj ki demode epi mete chanjman ki gen gwo sipò pami divès gwoup enterese.*

3

PLANIFIKASYON POU APLIKASYON

## Sipleman Premye Aksyon yo

*Apèsi sou pwochen etap yo pou*

1) Premye aksyon ki gen pou antre an aplikasyon ane sa a

2) Plan travay ki dekri plis etid ak tès anvan aplikasyon

2A) CATs

2B) Redikasyon previzib

Aprann Plis: bosplans.org/improving-dev-review

# KISA K AP FÈT ANE SA A AK APRE SA?

## PREMYE AKSYON YO

| | |
|---|---|
| ANGAJMAN AK AK OPERASYON ENTÈN | Lanse nouvo pwosesis ak yon chanjman nan kilti entèn pou pèmèt yon refòm solid ak dirab. |
| KONSÈY AK KOMISYON | Rasanble opinyon nan moman ak kote yo ka gen plis enpak |
| ZONAJ | *Ogmante klarite, epi prepare pou fiti refòm* |

## AKSYON SOU LONTÈM

*Pousuiv Angajman ak Rechèch*

| | |
|---|---|
| EKIP KONSILTATIF KOMINOTÈ | Defini yon nouvo estrateji pou kò konsiltatif yo |
| REDIKSYON AK AVANTAJ | Kreye yon kad previzib |
| ZONAJ | *Adopte ofisyèlman yon fason modèn pou travay* |

# PREMYE AKSYON YO: OPERASYON

1

## ATANT AK NÒM KI KLÈ

Etabli pwotokòl pou fè pwosesis revizyon an mache pi fasil

2

## EVALYE NOUVO KALANDRIYE

Swiv epi evalye kapasite Vil la pou li respekte delè yo sistematikman ak regilyèman.

3

## LIVREZON REMAK AK EFIKASITE

Sèvi ak modèl nòmalize pou bay revizyon ki konsistan

***Pouki chanjman sa yo?***
Travay sa a kòmanse avèk nou. N ap mete ajou pwosesis entèn nou yo epi n ap fè fòmasyon pou anplwaye yo pou asire n ap fè pati pa nou an nan sipòte yon pwosesis ki pi previzib ak transparan.

***Ak kisa sa ap sanble?***
Remak ekri ajou anplwaye Depatman Planifikasyon an ki klè epi ki presi

# PREMYE AKSYON YO: ANGAJMAN KOMINOTÈ

1

## KOMINIKASYON ALAVANS DEVLOPÈ YO DIRIJE

Etabli konfyans ak konpreyansyon ant kominote a ak pwomotè pwojè a

2

## NOUVO METÒD ANGAJMAN

Ofri manm kominote a nouvo opsyon pou patisipe, nan fason ki mache pi byen pou yo.

3

## PRAN DESIZYON TRANSPARAN

Manm kominote yo konprann kijan remak yo ede fòme yon pwojè devlopman.

***Pouki chanjman sa yo?***
*Nou tande jan li enpòtan pou fè li pi fasil pou moun aprann sou travay nou epi fè remak. N ap eseye nouvo zouti pou fè patisipasyon vin pi efikas, alè, epi transparan.*

***Ak kisa sa ap sanble?***
*Amelyorasyon animasyon reyinyon piblik yo, rezime echanj yo avèk piblik yo, ak nouvèl fason pou soumèt kòmantè yo bay Vil la.*

# PREMYE AKSYON YO: KONSÈY AK KOMISYON YO

1

## REFÒM BCDC

Amelyore eksperyans BCDC pandan n ap kenbe pwen fò li yo

2

## AMELYORASYON KOWÒDINASYON ANT DEPATMAN YO

Kreye yon sekans revizyon ak apwobasyon ki lojik

***Pouki chanjman sa yo?***
*Lefètke nou vin yon depatman nan Vil la kounye a, nou gen opòtinite pou amelyore fason nou travay ansanm ak lòt depatman pou asire ke Vil la "pale ak yon sèl vwa".*

***Ak kisa sa ap sanble?***
*Clear communication on the purpose of each review*

# PREMYE AKSYON YO: ZONAJ

1

## NETWAYAJ KÒD ATIK 80 LA

Prepare refòm alavni nan korije langaj obsolèt nan zòn kote gen gwo akò.

2

## MIZAJOU ATIK 28 YO

Aplike refòm BCDC a

***Pouki chanjman sa yo?***
*Ni atik 80 an, ni Atik 28 la, toude te ekri sa gen pase 30 lane. Nou pwopoze chanjman pou mete tèks la ajou pou l matche ak fason nou travay kounye a.*

***Ak kisa sa ap sanble?***
Egzijans ekri ki koresponn ak jan bagay yo fonksyone an reyalite.

# TRAVAY K AP FÈT KOUNYE A AP EDE ENFÒME CHANJMAN YO TOU

Pandan tout pwojè sa a, nou t ap teste fason pou fè bon pwojè demare pi vit sou teren an.

Nou itilize sa nou aprann yo pou amelyore tout pwosesis nou an.

**AKSELERE PWOJÈ LOJMAN ABÒDAB YO**

**Konvèti biwo an lojman rezidansyèl**



# AMANNMAN ZONAJ KI PWOPOZE YO

# KISA KI ZONAJ?

**Zonaj se yon seri lwa** ki di sa ou ka (oswa pa ka) bati nan yon vil, kote ou ka bati yo, epi kijan Vil la ka revize kèk pwojè konstriksyon yo pwopoze. Yon **"Amannman Tèks Zonaj" se yon ajou nan règ** ki ekri nan Tèks Kòd Zonaj la. Nan sa Zonaj regle yo, genyen:



**ITILIZASYON TÈ**
*Kèk aktivite ki otorize nan yon zòn detèmine*



**DIMANSYON BILDING**
*Kantite plas yon bilding kapab pran, wotè l, ak espas lib ki nan alantou l*



**LÒT RÈG**
*Ki jan vil la ka revize kèk nouvo bilding yo pwopoze yo, pakin ak espas pou met chaj, kondisyon pou afichaj, ak plis toujou.*

**Zonaj pa konstwi oswa demoli anyen; li sèvi kòm gid epi li limite ak sa moun yo *ka* konstwi.**

# MIZAJOU ZONAJ YO FÈ PATI SA POU APLIKE YO

Mizajou règ zonaj yo se youn nan plizyè aksyon aplikasyon ki sòti nan Plan Aksyon an pou ede reyalize objektif ak vizyon plan an trase.




**PLAN AKSYON**
Li defini oryantasyon pwojè sa a sou baz plis pase 2 lane angajman, rechèch ak analiz

**PREMYE AKSYON YO**
Fè konnen chanjman inisyal yo

**MIZAJOU ZONAJ**
Korije langaj obsolèt ak Mizajou BCDC





DEVELOPMENT REVIEW MODERNIZATION DRAFT ZONING AMENDMENTS SUMMARY

April 2025

SUMMARY

BACKGROUND

# CHANJMAN NAN ZONAJ YO PWOPOZE YO

## CHAPIT YO NAN KÒD ZÒNAJ BOSTON AN AK CHANJMAN YO PWOPOZE YO

**ATIK 80** Revizyon ak Apwobasyon Devlopman

**ATIK 28** Komisyon Konsepsyon Kominotè nan Boston

**ATIK 2** Definisyon

**ATIK 28** Revizyon Konsepsyon

**Ou ka vizite sit sa yo pou w ka verifye nouvo règ yo pwopoze yo:**

bosplans.org/A80zoningchanges

bosplans.org/improving-dev-review

# CHANJMAN NAN ZONAJ YO PWOPOZE YO: Atik 80

1

## MODÈNIZE **EGZIJANS NOTIFIKASYON PIBLIK**

Modènize ansyen egzijans notifikasyon piblik ak distribisyon dokiman pou reflete fason nou travay jodi a: afiche dokiman yo ak voye mizajou atravè sit entènèt nou ak imèl yo.

2

## AMONIZE AK **NÒM KI EGZISTE DEJA YO**

Ajoute egzijans « Lèt Entansyon » (Letter of Intent, LOI) nan tèks zònaj la, pou atant yo pou premye etap revizyon an vin pi klè.

Entwodui tèm ki egziste a « Avi Chanjman Pwojè » (Notice of Project Change, NPC) nan tèks la, pou zonaj la koresponn ak fason bagay yo mache jodi a.

3

## FASILITE MODèNIZASYON AK RENOVASYON **BATIMAN ENSTITISYONÈL**

Ogmante limit pou kèk chanjman enteryè nan yon IMP soti nan 50,000 a 100,000 pye kare (pa egzanp, amelyorasyon enèji pwòp). Chanjman sa yo pa gen ladan kreyasyon lojman pou elèv oswa enstalasyon espòtif.

# CHANJMAN NAN ZONAJ YO PWOPOZE YO: ATIK 28

**OGMANTASYON SÈY REVIZYON BCDC A SOTI NAN 100000 PYE KARE RIVE NAN 200000 PYE KARE**

## POUKISA CHANJMAN SA?

- Komisè BCDC yo ap revize plis pwojè pase tout tan, paske tandans devlopman yo ogmante gwosè mwayèn pwojè yo.
- Pèsonèl la te analize pwojè ki fèt pandan 5 dènye ane yo e li te jwenn anviwon 33% nan yo te gen mwens pase 200,000 pye kare.
- Sa ap ede pwojè lojman abòdab yo demare pi vit. 9 sou 12 pwojè resan yo, oswa anviwon 75% nan pwojè abòdab BCDC te revize yo, te gen mwens pase 200,000 pye kare.

## KIJAN NOU PRAL ASIRE NOU PA RATE PWOJÈ KI ENPÒTAN YO?

- Depatman Planifikasyon an pral kenbe yon mekanis diskresyon pou « Pwojè ki Gen Enpòtans Espesyal » ki ka aplike sou pwojè ki gen mwens pase 200,000 pye kare.

Paralèlman, **BCDC is instituting new bylaws to better clarify public testimony processes**.

Chanjman nan règleman sa yo gen ladan yo pataj opinyon piblik sou sitwèb la, voye kòmantè ekri bay komisè yo anvan reyinyon yo, epi entegre temwayaj dirèk lè sa ka gen plis enpak.



# PWOCHEN ETAP

# PATAJE OPINYON OU AK KESYON OU SOU AMANNMAN ZONAJ KI PWOPOZE A ANVAN 15 JEN 2025

1. Soumèt kòmantè ou yo nan fòm ki anba paj pwojè nou an, bosplans.org/A80zoningchanges

OSWA

1. Voye imèl kòmantè ou yo ba nou nan **article80modernization@boston.gov**

PAJ ENTÈNÈT SOU CHANJMAN ZÒNAJ



# KI KESYON W GENYEN?

# EDE NOU AMELYORE REYINYON PIBLIK NOU YO

Nou vle tande kijan ou te viv reyinyon jodi a pou nou ka fè pi byen fè reyinyon piblik nou yo.

Tanpri ranpli **fòmilè remak sa a** pou ede nou amelyore fason nou angaje kominote a alavni!

FÒMILÈ REMAK